

**Non Paran an:** \_\_\_\_\_

**Adrès Imèl:** \_\_\_\_\_

**Non Timoun nan:** \_\_\_\_\_

**Dat Nesans (jj/mm/aaaa):** \_\_\_\_\_

---

Sou baz demann ou an, ou te chwazi kominike enfòmasyon idantifikasyon pèsonel konsènan tretman pou entèvansyon bonè pitit ou a pa imèl san ou pa itilize kriptaj. Lè ou voye enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl pa imèl, sa gen yon kantite risk ladan ke ou dwe konnen anvan ou bay pèmisyon ou. Men risk ki genyen yo, men yo pa limite ak sa yo sèlman:

- Yo kapab transfere ak sovgade imèl sou fòm elektwonik ak fòm papye byen fasil san paran an pa enfòmè alavans.
- Moun k ap voye imèl yo ka mete yon move adrès imèl epi yo ka voye enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl bay move destinatè a pa erè.
- Imèl yo voye atravè Entènèt san kriptaj pa sekirize epi tyès pati ki enkoni ka entèsepte yo.
- Kontni imèl la kapab chanje san moun ki voye l la oswa moun k ap resevwa l la pa okouran.
- Kopi sovgad imèl ka toujou egziste menm si moun ki voyel la ak moun ki resevwa l la te efase mesaj la.
- Anplwayè ak founisè sèvis anliy yo gen dwa pou yo verifye imèl moun voye atravè sistèm yo a.
- Imèl la kapab genyen viris ak lòt pwogram ki danjre.

## KONFIMASYON AK AKÔ PARANTAL

Mwen rekonèt ke mwen te li ak konprann enfòmasyon ki anwo a ki dekri risk fondamantal ki genyen nan itilize imèl pou kominike enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl. Sepandan, mwen menm, \_\_\_\_\_, mwen otorize \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_ pou li kominike avèk mwen nan adrès imèl mwen an, \_\_\_\_\_, konsènan, \_\_\_\_\_ pitit mwen an, patisipasyon l nan Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP), ki gen ladann men ki pa limite ak sèlman kominikasyon konsènan livrezon sèvis, pwogrè yo nan EIP a ak nenpòt lòt sijè ki gen rapò ak sa. Mwen konprann ke itilizasyon imèl san kriptaj gen risk ki dekri anwo yo ladan e sa ka lakoz yon divilgasyon envolonètè enfòmasyon sa.

**(Opsyonèl)** Anplis de sa, mwen bay pèmisyon m pou manm ekip tretman pitit mwen an kominike youn bay lòt enfòmasyon idantifikasyon konsènan pitit mwen an atravè imèl ki pa kripte. Men ki manm ekip entèvansyon bonè ke mwen bay pèmisyon m pou itilize imèl ki pa kripte pou kominike youn ak lòt osijè pitit mwen an:

1. \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_ ki gen adrès imèl \_\_\_\_\_

**Siyati Paran:** \_\_\_\_\_ **Dat (jj/mm/aaaa):** \_\_\_\_\_

---

**Tanpri sonje:** Si Konsantman Parantal pou Itilizasyon Imèl pou Pataje Enfòmasyon Idantifikasyon Pèsònèl pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la ki pou bay konsantman l pou patisipe nan kominikasyon enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl pa imèl konsènan tretman entevansyon bonè pitit yo a, siyati sa dwe genyen tou yon mak validasyon siyati elektwonik ladan (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lè yo te siyen fòm nan. Si mezi sekirite sa a pa disponib, yo dwe enprime Konsantman Parantal pou Itilizasyon Imèl pou Pataje Enfòmasyon Idantifikasyon Pèsònèl la pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi papyè a.